



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM LAÈN NAN LAPOLIS
ETA A LÒD POU YO EDE NAN KAD ANKÈT Y AP MENNEN SOU VÒL AK ATAK
YO TE FÈ SOU YON NONM JWIF ASIDIK NAN WILLIAMSBURG**

"Mwen twouve sa absoliman revòltan pou gen yon lòt [atak brital](#) ankò sou yon nonm Jwif Asidik nan Brooklyn, epi m ap bay Fòs Entèvasyon kont Krim nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) lòd pou yo ede NYPD nan ankèt y ap mennen sou vòl ak atak sa a pou asire moun ki responsab yo asime responsablite yo nan tout mezi lalwa pèmèt. Ann pale byen klè: pa gen okenn plas pou laèn nan New York. N ap kontinye fè tout sa nou kapab pou n mete fen nan zak lach antisemitis ak laèn sa yo sou tout fòm k ap fin anvayi tout kote nan nasyon sa a, epi nou pral denonse yo nenpòt lè yo rive".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)